

## RINGKESAN

*Dina Kurikulum 2013 nganalisis mosi dina debat teh nyaeta mangrupikeun kaahlian dina ngaregepkeun. Patali jeung babaran nu luhur, panulis tataji keur ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nganalisis mosi dina debat ngagunakeun metode Inkuiri pikeun kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Masalah anu ku panulis rumuskeun nyaeta: 1) Naha mampu panulis ngarancanakeun, nerapkeun, sarta menteun pangajaran nganalisis mosi dina debat ngagunakeun metode Inkuiri pikeun murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung?; 2) Naha mampu murid-murid kelas X SMAN Pasundan 8 Bandung nganalisis mosi dina debat ngagunakeun metode Inkuiri?; 3) Naha efektif metode Inkuiri digunakeun dina pangajaran nganalisis mosi dina debat pikeun murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung? Metode panalungtikan anu ku panulis digunakeun nyaeta metode tipe pre-eksperimen jenis one group pretest posttest design kalawan tehnik panalungtikan, percobaan sarta tes. Hasil panalungtikanana nyaeta:*

- 1) Panulis bisa ngarancanakeun, nerapkeun, sarta ngajen pangajaran nganalisis mosi dina debat ngagunakeun metode Inkuiri pikeun kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Hal ieu dumasar kana hasil peunteun rata-rata tina rencana jeung nu dilaksanakeun anu dihasilkeun panulis rata-rata 3,98 hal ieu kaasup kana golongan alus pisan/nyigemakeun (A);*
- 2) Murid-murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung 1 kersa nganalisis mosi dina debat ngagunakeun metode Inkuiri. Hal ieu dibuktikeun ku hasil rata-rata samemeh diajar nyaeta 32,50 jeung rata-rata hasil saberesna dibikeun pangajaran nyaeta 71,68 kalayan ningkat tina hasil memeh diajarkeun rata-rata 45%;*
- 3) Metode Inkuiri saluyu dipake dina pangajaran nganalisis mosi dina debat pikeun murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Hal ieu dibuktikeun ku pangajen statistik  $t_{hitung} \geq t_{tabel}$  nyaeta  $11.76 \geq 2.03$  dina tingkatan kapercayaan 95% kalawan saluyu pisan jeung nu dipihareup ku panulis 5% jeung darajat kabiasaan 33.*

*Dumasar kana bukti-bukti nu aya, panulis nyimpulkeun yen pangajaran metode Inkuiri efektif dipake dina nganalisis mosi dina debat pikeun murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung.*

*Kecap Konci: Nganalisis, ngaregepkeun, mosi dina debat, metode Inkuiri.*